

Sit Wèb Enpòtan: Enfòmasyon sou Benefis Asistans Leta

Si w genyen kesyon konsènan
Medically Needy Program (Pwogram
pou Mou ki genyen Bezwen Medikal)
oswa lòt benefis Asistans Leta, si w
vle wè yon lis sant sèvis nou yo,
fakse nimewo oswa aplike pou
benefis yo, ale sou sit wèb nou nan:
www.dcf.state.fl.us/ess/

Pwoteksyon Medikal pou Timoun ki
poko genyen laj 19 ane:

Florida KidCare

www.Floridakidcare.org oswa

Florida Healthy Kids

www.healthykids.org

Sit wèb sa yo bay enfòmasyon sou
divès pwogram pou preskripsyon
gratis oswa preskripsyon ki pa chè
pou sèten medikaman:

www.benefitscheckup.org

www.medicare.gov

www.pparx.org

www.needymeds.com

www.rxassist.org

www.aarp.org/fl


www.togetherrxaccess.com

www.nacds.org

Ou kapab kontakte Liy
Enfòmasyon pou Granmoun Aje
nan (800) 963-5337.



Medically Needy Pwogram



Yon Eksplikasyon “Pataj Frè”

Kisa Pwogram Medically Needy?

Yon pwogram Medicaid pou moun ki genyen twòp revni oswa byen yo depase limit pou Medicaid, Kèk moun rele li pwogram “pataj frè”. Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) detèmine kalifikasyon pou Medically Needy Program.

Kisa yon “pataj frè” ye?

Yon pataj frè se kantite lajan bòdwo medikal ou dwe peye oswa ou te peye anvan Medicaid kapab peye nenpòt bòdwo medikal ou poko peye nan moman an. Pataj frè ou baze sou revni fanmi ou reyalize chak mwa.

Si nou estime pataj frè ou baze sou etadkont revni pa mwa ou, nou dwe verifye revni an anvan Medicaid kapab peye nenpòt bòdwo. Pataj frè a kapab chanje lè revni ou chanje.

Kijan “pataj frè” fonksyone?

Chak mwa, sèten depans medikal ou dwe oswa deja peye nan 3 dènye mwa yo konte nan pataj frè ou. Lè depans medikal admisib ou egal a pataj frè ou, ou kalifye pou Medicaid pou rès mwa a.

Men yon egzanp: Pataj frè ou se \$800. Ou ale nan lopital nan dat 10 me epi ou voye bòdwo ba nou pou \$1000. Ou satisfè pataj frè a epi ou kalifye pou Medicaid ant 10^{yèm} jou mwa me jiska 31 me. Medicaid ap peye bòdwo medikal \$1000. **Sa se yon sèl egzanp.**

Men kèk egzanp depans medikal ki kapab itilize pou satisfè “pataj frè” a

- Bòdwo medikal ki pa peye ou dwe epi ki pa itilize pou satisfè pataj frè ou anvan.
- Bòdwo medikal ou te peye nan 3 dènye mwa yo.
- Bòdwo medikal asirans-maladi ou oswa nenpòt lòt sous p ap peye.
- Prim asirans-maladi.
- Kopeman pou bòdwo medikal.
- Sèvis medikal yon doktè preskri.
- Transpò nan anbilans, otobis oswa taksi pou al chèche swen medikal.

Men kèk egzanp depans medikal ki pa kapab itilize pou satisfè “pataj frè”

- Prim pou kontra asirans ki peye ou lajan lè ou nan lopital la oswa peman ou pa genyen entansyon pou fè pou depans medikal.
- Atik pou premye sekou ak atik san preskripsyon tankou pansman adezif, alkòl, remèd pou larim, elatriye

Ki depans medikal ki kapab itilize pou satisfè “pataj frè”?

Nenpòt manm fanmi ki genyen revni ki konte, menm si moun lan pa kalifye pou Medicaid.

Plis enfòmasyon sou “pataj frè”

Si w genyen kesyon konsènan Medically Needy Program oswa lòt benefis Asistans Leta, si w vle wè yon lis sant sèvis nou yo, fakse nimewo oswa aplike pou benefis yo, ale sou sit wèb nou nan:

www.dcf.state.fl.us/ess/

Sa pou w fè lè w satisfè “pataj frè”

Bay prèv depans medikal nan yon biwo DCF ACCESS nan faks, pa lapòs oswa an pèsòn.

Ajoute:

- Non ou ak nimewo dosye ou
- Kantite lajan depans lan
- Dat ou te fè depans lan; epi
- Dat ak kantite lajan pou nenpòt peman ou te fè pou depans lan.

Egzanp prèv ou kapab bay:

- Bòdwo medikal ou te resevwa yo
- Resi pou bòdwo medikal ou peye ak
- Chèk ki anile pou bòdwo medikal ou peye.

Ki sèvis ki garanti nan Medicaid?

Ajans pou Administrasyon Swen Sante (AHCA) kapab bay plis enfòmasyon sou ki sèvis Medicaid ap garanti, ak doktè, famasyen ak lopital ki aksepte Medicaid. Kontakte Biwo AHCA ki nan zòn ou oswa ale sou sit wèb yo nan:

www.fdhc.state.fl.us.

Enfòmasyon Enpòtan

Kèk founisè swen medikal pa aksepte Medicaid epi kèk pa aksepte Medically Needy Program. Menm apre ou fin kontakte AHCA pou jwenn enfòmasyon sou doktè ak sèvis yo, sonje pou fè founisè swen medikal ou konnen ou sou Medically Needy Program anvan ou pran yon randevou.